

KONSÈY POU KOWONAVIRIS (COVID-19)

NOU SE DOL OU



Department
of Health



Department
of Labor



Agriculture
and Markets

Revize nan dat 27 me 2020

SENTOM YO

Sentom COVID-19 ki pi komen yo se lafyèv, tous, ak souf koupe. Lòt sentom yo ka enkli gòjfèmal, fatig, doulè ak lapèn nan miski yo, ak apeti ki redwi. COVID-19 pwopaje prensipalman atravè kontak moun ak moun.

RETE AN SANTE



Lave men nou pandan jounen an, ki enkli nan kòmansman, pandan, ak apre orè travay nou epi anvan ak apre nou pran poz manje yo. Lave men nou lè nou sot nan twalèt.



Lave men nou ak dlo ak savon pandan 20 segonn pi souvan posib. Yo rekòmande nou itilize dezenfektan pou men yo si nou pa ka lave men nou ak savon. Dezenfektan pou men yo pa efikas kont men ki sal anpil yo.



Dezenfekte atik pèsònèl ou bezwen pote nan travay yo, tankou telefòn oswa kle machin/kay yo.



Touse epi estène nan sèvyèt yo (oswa koud ou si sa nesesè) epi jete sèvyèt yo imedyatman. Lave oswa dezenfekte men ou.



Evite manyen bouch, nen, ak je ou.



Dezenfekte veyikil, zouti, ak ekipman yo apre chak itilizasyon. Pa pataje zouti ak ekipman yo anvan nou dezenfekte yo.



Kenbe yon distans 6 pye (anviwon 2 mètr) ant kòlèg travay yo pi plis posib. Evite kontak fizik dirèk yo, tankou bay lanmen, akolad, kore koud oswa pwen yo.



Nenpòt moun ki gen laj plis pase de ane yo dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask pou kouvri figi yo lè yo nan yon espas piblik epi pa ka kenbe distans 6 pye a, amwens ke yo paka mete youn poutèt rezon medikal. Konpayi travay yo dwe bay travayè yo mask gratis pou kouvri figi yo pou yo mete lè yo ap fè entèraksyon ak popilasyon an.

PWOTEJE KÒLÈG TRAVAY OU YO



Fè kontribisyon pa ou pou ka netwaye epi dezenfekte regilyèman, yon fason regilye, tout espas komen yo nan travay la ak nan chanm lojman yo. Lave men nou ak dlo ak savon pandan 20 segonn apre netwayaj yo. Operatè fèm yo ta dwe bay materyèl netwayaj yo pou lojman ak espas travay yo.

- Netwaye epi dezenfekte regilyèman tout sifas moun manyen souvan yo, tankou manch pòt yo/seri pòt yo, tiyo dlo yo, chèz, ban, tab, ak sifas travay yo.
- Netwaye epi dezenfekte ekipman, zouti, ak veyikil plizyè moun itilize yo. Netwaye epi dezenfekte regilyèman espas ak sifas moun manyen souvan yo nan diferan pati nan kay la, tankou enstalasyon nan twalèt ak douch yo, kontwa kwizin, planche, ak aparèy menaje yo. Sa ta dwe fèt plizyè fwa nan jounen an ak nan fen jounen an.

- Swiv enstwiksyon ki sou etikèt yo epi kenbe pwodwi yo lwen de timoun yo.



Ouvri pòt ak fenèt yo pou ka ogmante kantite lè fre ki ap antre nan sal ak koulwa yo, tankou nan douch, sal pou moun pran poz yo, twalèt, ak chanm a kouche yo.



Eseye repati itilizasyon espas komen yo, tankou sal pou moun pran poz yo nan travay la ak espas komen yo ki nan espas lakay ou, tankou kwizin ak salon.



Dezenfekte panye rad yo. Lave rad ak dra yo pi souvan posib. Jete gan yo epi lave men nou pandan omwen 20 segonn ak dlo ak savon.

ANPECHE PWOPAGASYON COVID-19

Tout travayè yo ta dwe:



- Limite entèraksyon ak moun an deyò travay yo:
- Evite vwayaj ki pa nesèsè yo.
- Jwenn mask pou kouvri figi yo nan men konpayi travay yo pou yo itilize, jan sa nesèsè.
- Mete mask pou kouvri figi yo lè yo an piblik ak lè distans sosyal yo pa posib.
- Pa monte nan machin moun sou wout yo amwens ke sa nesèsè epi mete mask pou kouvri figi yo lè yo nan veyikil ak lòt moun yo.
- Limite vwayaj yo pou al pran atik ki esansyèl yo, tankou pwodwi alimantè ak medikaman.
- Evite gwo foul moun ak rasanbleman yo.
- Sispann travay imedyatman epi enfòm sipèvizè yo si yo devlope sentom ki konsistan ak sentom COVID-19 yo pandan yo ap travay. Yo pa ka revoke travayè yo epi yo ka kalifye pou jwenn swa peman pou Konje Peye pou Maladi yo nan men eta a oswa onivo federal (jiska 14 jou peman).

Travayè ki gen sentom COVID-19 yo oswa ki te teste pozitif pou COVID-19, oswa ki gen manm fanmi yo ki gen sentom yo oswa ki te teste pozitif pou COVID-19 yo ta dwe:



- Enfòm sipèvizè yo imedyatman pou ke yo ka ede yo ak swen medikal yo.
- Nan ka ijans sante yo, rele 911 epi enfòm operatè 911 an sou nenpòt sentom COVID-19 yo.
- Rete izole lakay yo oswa nan yon lojman travayè ki te fèt pou izole travayè yo, epi konte sou depatman sante lokal yo ak konpayi travay yo pou konble nesèsite ki esansyèl yo tankou swen sante, manje, medikaman ak lesiv.

Travayè esansyèl yo pa ta dwe retounen nan travay la jiskaske:



- Omwen 10 jou te pase depi lè sentom yo te parèt pou premye fwa, EPI
- Omwen 3 jou (72 èdtan) te pase san lafyèv epi san itilizasyon medikaman ki ap bese lafyèv yo, AK
- Amelyorasyon sentom respiratwa yo, ki enkli tous ak souf koupe.

Travayè esansyèl ki ap retounen nan travay yo apre karantèn yo ta dwe:



- Rete anndan lakay yo lè yo pa nan travay la, sou enstwiksyon depatman sante lokal la.
- Konte sou depatman sante lokal yo ak konpayi travay yo pou konble nesèsite ki esansyèl yo tankou swen sante, manje, medikaman ak lesiv.
- Pase evalyasyon pou tanperati yo (konpayi travay yo pral bay tèmomèt) ak verifikasyon sentom yo apre yo rive nan travay la, epi omwen chak 12 èdtan pandan yo nan travay la, epi sipèvizè pwòp tèt yo (sa vle di, pran tanperati, evalye sentom yo) de fwa pa jou lè yo lakay yo.
- Mete yon mask oswa mask ki kouvri figi yo (ke konpayi travay la te bay) lè yo ap fè entèraksyon ak lòt moun ki a 6 pye (anviwon 2 mètr) de yo.

RESPONSABILIZE TÈT OU



Pou kapab rete enfòm vizite: [coronavirus.health.ny.gov/home](https://www.coronavirus.health.ny.gov/home)



Pou kontakte depatman sante lokal ou a: https://www.health.ny.gov/contact/contact_information/

Konje Peye pou Maladi nan Eta New York garanti proteksyon travay anplwaye yo epi bay konpansasyon finansye pandan ou an karantèn obligatwa oswa karantèn prevantif akoz kowonaviris la. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou paj: [paidfamilyleave.ny.gov/covid19](https://www.paidfamilyleave.ny.gov/covid19)



Pou ka aksede a Avantaj pou Andikape yo, tanpri vizite: <http://www.wcb.ny.gov/content/main/offthejob/db-overview.jsp>



Pou diskite sou kondisyon nan espas travay yo, tanpri rele pèsònèl bileng yo nan Depatman Travay (Department of Labor) Eta New York la: **877-466-9757**



Si ou gen enkyetid sou anviwonman travay ou pa rapò a COVID-19 oswa konpayi travay ou a refize bay ou Konje Peye pou Maladi, ou ka depoze yon plent. Pou ka enfòm pi plis, ale sou [labor.ny.gov/covidcomplaint](https://www.labor.ny.gov/covidcomplaint)